

WE ARE YOUR DOL



Department of Labor

DEKLARASYON DWA YO POU TRAVAYÈ SALON BOTE

SALÈ MINIMÒM:

Yo DWE peye w pou CHAK èdtan ou travay, sa gen ladan lè travay siplemantè, menmsi yo peye w sou "komisyon" oswa ou pa gen eksperyans.

SA YO SE DWA W KÈLKE SWA ESTATI IMIGRASYON W'

Si ou pa gen yon lisans, ou ta dwe pran yon lisans aprantisaj zong, ke ou ka fè gratis. Tanpri kontakte liy dirèk la pou aprann plis.

RELE POU ENFÒMASYON OSWA ÈD:

(888) 469-7365

PATWON YO PA TA DWE JANM:

- Pran tep (monnen an plis pou bon sèvis) ou oswa salè w yo
- Peye w mwens pase salè minimòm
- Fè ou peye pou yon travay oswa fòmasyon, kòm pinisyon oubyen pou nenpòt lòt rezon
- Refize w yon poz manje
- Refize dwa w pou mete yon kach nen ak/oswa gan
- Pini w nan NENPÒT fason paske w plenyen sou salè w oswa kondisyon travay ou yo

POU SEKIRITE W, PWOPRIYETÈ YO DWE BAY TRAVAYÈ YO:

- Yon respiratè (kach nen espesyal) pou itilize lè w ap poli/pase lim nan zong atifisyèl oswa lè w ap itilize poud zong atifisyèl
- Gan pou itilize lè w ap manyen pwodui chimik oswa dechè, pandan netwayaj, ak lè w ap fè nenpòt sèvis ki ka kontamine po yon kliyan
- Pwoteksyon je pou itilize lè w ap prepare, transfere oswa vide pwodui chimik yo

Kote	Premye 40 èdtan yo pa semèn, omwen:	Après 40 èdtan yo pa semèn, omwen:
Vil Nouyòk	\$16.50/èdtan	\$24.75/èdtan
Long Island ak Westchester County	\$16.50/èdtan	\$24.75/èdtan
Rès Eta New York	\$15.50/èdtan	\$23.25/èdtan